# JÁMIYETLIK HÁM EKONOMIKALÍQ ILIMLER

## Tariyx. Huqıqtanıw. Ruwqıylıq tiykarları

### НӨКИС ҚАЛАСЫНЫҢ ТАРИЙХЫНАН (1991-2005-жыллар)

**З.Б.Есназарова –** *тарийх илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** Қорақалпоғистон, мустақиллик, ислоҳотлар, пойтахт Нукус, маъмурий марказ, урбанизация, саноат, шаҳар қурилиши.

**Ключевые слова:** Каракалпакстан, независимость, реформы, столица Нукус, административный центр, урбанизация, промышленность, градостроительство.

**Key words:** Karakalpakstan, independence, reforms, capital Nukus, administrative centre, urbanization, industry, science, town-planning.

Өзбекстанның қалалар системасында Қарақалпақстан Республикасы пайтахты Нөкис қаласының айрықша статусы ҳәм роли бар ҳәм 2002-жыл 8-майда Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң Нөкис қаласының 70 жылығына таярлық ҳәм оны байрамлаў ҳаққындағы қарары айрықша әҳмийетке ийе. Өзбекстан Республикасы Биринши Президенти И.А.Каримов өз сөзинде көп миллетли Нөкис қаласы бүгинги күнде бийтәкрар көринис пайда етеди, биз оны ири санаат кәрханалары, илим ҳәм мәдeният орайы, дослық-туўысқанлық қаласы деп есаплаймыз. Әлбетте, оны бундай деп тәрийиплеў ушын ол өзиниң беккем турмыслық тийкарына ийе.

Нөкис қаласы мәмлектимиздиң экономикалық ҳәм социаллық раўажланыўына қосқан ылайықлы үлеси, қыйын экологиялық шараятларда турмысымыздың көплеген салаларында жоқары нәтийжелерге ерискени, елимизде жасап атырған барлық миллетлер менен халықлар арасында дослық ҳәм татыўлықты беккемлеў, миллий қәдириятларды қәстерлеп сақлаў ҳәм байытыў, жас әўладты ўатанға муқаббат ҳәм садықлық рууxында тәрбиялаў ислеринде қала халқының әмелге асырып атырған үлкен жумыслары ушын және де 70 жыллығы мүнәсибети менен 2003-жылы 11-сентябрьде «Дослық» ордени менен сыйлықланды.

Усы көзқарастан алып қарағанда Нөкис қаласының тарийхы ҳәм оның пайтахт сыпатында қәлиплесиўи, сондай-ақ, ғәрезсизлик жылларындағы тарийхын үйрениў актуал машқалалардың бири болып табылады [1].

Нөкис қаласының пайда болыўы XX әсир даўамында жедел раўажланыў дәрежесине жетти. Ғәресизлик жылларында Өзбекстанның ең алдыңғы раўажланған қалаларының бирине айланды, барлық орынларда қурылыс ислери, абаданластрыў ислери әмелге асрылды, илим ҳәм мәденияттың жаңа орайлары пайда болды. Өтмиште Нөкис қаласы сиясий ҳәм экономикалық орай сыпатында пайда болған, сондай-ақ қорғаныў стратегиялық әҳмийетке ийе болған қорған, бақлаў орны ўазыйпасы сыпатында қәлиплескен. Нөкистиң қала сыпатында қәлиплесиўинде саўда-сатық, кәсип-өнерментшилик, ислеп шығарыў тийкарғы роль ойнаған болса, кейиншелик оның раўажланыўына санаат ҳәм транспорттың раўажланыўына байланыслы административлик ўазыйпаларды орынлаў үлкен тәсир тийгизген. 1932-жылы 1- апрельде бурынғы аўқам СССР ВЦИК Президиумы қарары менен Нөкис Қарақалпақстан АССРның пайтахты етип тастыйықланды. Нөкис қаласы Республиканың экономикалық, сиясий ҳәм мәдений орайы сыпатында белгили болды [2]. Нөкис қаласының тарийхын изертлеўдиң тийкарғы бағдарларының бири бул урбанизациялық процесслерди алып қараў, зәрүрли процесс екенлиги нәзерде тутылады.

Урбанизация тараўында ҳәзирги аймақлық раўажланыў сиясатын төрт басқышта көрип шығамыз, тийкарынан пайтахт, аймақлық, ўәлият ишиндеги раўажланыўдың түрлери [3]. Белгили болғанындай, барлық қала ҳәм посёлкалар бир ўақыттың өзинде бир қыйлы дәрежеде раўажланыўы мүмкин емес, сол себепли ҳәр бир аймақлық зонада белгили раўажланыў орайларын таңлап алыў зәрүрлиги туўылады.

Бундай жағдай қала ҳәм республикадағы қыйын сиясий, социаллық-экономикалық раўажланыўдың қыйыншылығы менен анықланатуғын еди. Бул дәўирде Нөкис сиясий ўақыялар орайына айланды. Мысалы, 1990-жылы 14-декабрьде Нөкис қаласында болып өткен ҚҚАССР Жоқарғы Совети IX сессиясында Өзбекстан Республикасы қурамында Қарақалпақстан Республикасы ғәресизлиги ҳаққында қарар қабыл етилди [4].

Административлик басқарыў системасында көрсетилген бул жаңалықлар социал-экономикалық раўажланыў процесине ҳәм басқарыўға тәсир ететуғын еди. Мысалы, 1990-жыллар қарсаңында Нөкис Өзбекстанның ең ири қалаларының бири еди. 1990-жылы қаланың социал-экономикалық жағдайы бир қанша аўырласты. Төмендеги мағлыўматларды алып қарайық: 1990-жылдың январь-март айларында экономиканың барлық тармақларындағы процент көрсеткишлер 1989-жылдағыға қарағанда төмен еди. Қаладағы тийкарғы кәрханалардың аҳўалы жақсы емес еди. Мысалы, жүк тасыўдан түскен таксопарк дәраматы 697,5 мың сўмды қурайтуғын болса, 1989-жыл менен салыстырғанда дәрамат 17% төмен еди. Қарақалпақстан электр тармақлары капитал қурылысы жобалары – 87% ке, ССО «Арал суў қурлысы» – 79% ке, «Ресаграрқурылыс» бирлеспеси – 57% ке, «Катта ағар ЖБИ» – 32% ке орынланғаны мәлим [5].

Бул тараў бойынша 1994-жылға келип сезилерли илгерилеўлер бақлана баслады. Усы жылға келип қалада 480 ге жақын көшелер абаданластырылған, 7 киши район, 3 халық посёлкалық кеңес бар еди. Қала халқы оның әтирапын қосып есаплағанда 250 мың адамға жетти. Жеке турақ жайларды қурыў басланды:

1994-жылдың 8-айында 1025 пуқара жер учаткасы ушын арза берди, соннан 979 ы улыўма муғдары 71,5 болған жерди алыўға муўапық болды. Нөкис 310 км водопровод тармақларына, 267,5 км энергетика ҳәм байланыс кабельлерине, 89 км ыссылық трассасына, 517 км газопровод трассасына, 258 км асфальтланған көшелерге ийе болған қала еди [6].

1992-жылы 18-майда Нөкис қаласы халық депутатлары Кеңесиниң XI сессиясы шақырылды, сессияда Ш.Уснатдинов Нөкис қаласы ҳәкими етип сайланды. Усындай қыйын, қурамалы дәўирде (1991-1994-жж) «Гөне қала ҳәм Темир жол вокзалын» бирлестириўши троллейбус линиясы ҳәм троллейбус депосы, Нөкис кабель заводы, ун комбинаты, РК-1 пуў қазанының биринши гезеги, 422 оқыўшы орнына ийе болған 9-санлы орта мектеп имараты, «Қызкеткен» посёлкасында 260 орынлы мектеп, 13-санлы аптека, қан қуйыў станциясы сыяқлылар қурып иске түсирилди. Сол дәўирде «Катекс» тоқымашылық комплексиниң қурылысы даўам еттирилип, 1993-жылы «Катекс» тоқымашылық комбинаты иске түсирилди. 1994-жылы 17- октябрьде халық депутатлары Нөкис қаласы Кеңесиниң нәўбеттен тысқары сессиясы болып, Нөкис қаласының социал-экономикалық раўажланыўының тийкарғы бағдарларына баҳа берилди ҳәм басқарыў, хожалық жүргизиў тараўындағы реформалардың барысы көрилип шығылды. Усы дәўирде Нөкис қаласының раўажланыўында унамлы өзгерислердиң болғанлығы анализ етилди. Мысалы, бул бойынша төмендеги фактларди алып қараўға болады. 1994-жылы 1-августқа дейин Нөкис қаласында 231 объект мәмлекет қарамағынан шығарылды ҳәм басқа мүлк формаларына өткерилди. Солардан 33 и акционерлик жәмийет, 25 и жәмәәтлик, 171 и жеке мүлклер болды, 231 объекттен 120 шөлкем банкта өз есап-китабына ийе есап бетлерин ашты солардан 47 си патент алды [7].

Айырым өзгерислерге қарамастан экономикада түпкиликли өзгерислер көзге тасланбады. 1997-жылы Ҳәкимият органлары қарары менен қалада меншиклестириў бойынша бир қатар илажлар әмелге асырылды. Мысалы, 1996-жылы тек Нөкис қаласында 427 объект ҳәм кәрханалар меншиклестирилди, соннан 90 акционерлик, 83 мәмлекетлик, 252 жеке, 2 шериклик кәрханалар еди, 1997-жылға келип бундай объектлер саны 453, 1998-жылы болса 599 ға жетти.

Бирақ, қаладағы кәрханалар ислеп шығарыў ҳәм экономикалық қуўаты бир қанша төмен еди. 1997-жылдың өзинде олардың дебитор қарызлары 475 млн. сўм, кредитор қарызлары болса 7 млрд. сўм болған еди.

1990-1991-жыллар менен салыстырғанда санаат өнимлериниң айырым түрлеринде ислеп шығарыў 50-90 процентке шекем кемейди. Буған мысал ретинде, сүт өнимлерин ислеп шығарыў 87 процентке, гөш өнимлери 37 процентке кемейген. Сондай-ақ, қурылыс материалларын ислеп шығарыў бойынша мүмкиншиликлер де жетерли дәрежеде болған жоқ. 1991-1992-жыллары 36 мың тоннаға шекем ҳәк шығарған, «Мрамор» заводында мрамор плиталарын ислеп шығарыў да дерлик 60 процентке дейин азайған. «Нөкисвинзаводы» АЖ де 1991-жылы 530 мың дана спиртли ишимликлер шығарылған болса, бул көрсеткиш 1999-жылда тек 192 мың дана болып, өним ислеп шығарыў 64 процентке кемейген. Пиво ислеп шығарыў улыўма тоқтады. Тийкарынан, барлығы бюджетке өзиниң унамсыз тәсирин тийгизди. Нөкис қаласы бойынша 1999-жылда 1998-жыл менен салыстырғанда 7 кәрхана өним ислеп шығарыў көлеминиң төменлеўи себебинен 160 млн сомлық өнимлери жобадағыдан да кем жетистирди.

1999-жылы «ҚҚ мебель» АЖ да өним ислеп шығарыў көлемин төменлетип жиберди. «Гербиш заводы» АЖ лери дерлик банкрот ҳалына келген. Бул жағдайларды анализлегенимизде айырым кәрханалдарда жумысты дурыс шөлемлестире алмаўы себебинен өним ислеп шығарыўдың кемейип кетиўи, оларда ислеўшилердиң материаллық жағдайының төменлеўине, жумыссызлар санының өсиўине алып келгенлиги белгили.

Усы мәселе бойынша төмендеги фактлик материалларға итибар беретуғын болсақ, «ҚҚ мебель» АЖ де 2000-жылдың январында ислеўшилердиң орташа айлығы тек ғана 1612 сўмды қурады. Бул қала бойынша ең аз айлық болып табылады. Бул көрсеткиш «Маман» АЖ де 2162 сўмды, «Пивозавод»та 2230 сўмды, «Қырық қыз» АЖ де 2380 сўмды қурайды.

2000-жылдың 1-мартында 213 млн. 206 мың таяр өнимлер, сапасының төменлиги, бәсекеге шыдам бере алмаўы нәтийжесинде өз қарыйдарларын таба алмады. Мағлыўматлар бойынша «Ресагроқурылыс индустрия» өндирислик бирлеспесинде 34 млн. сўм, «Даўыт» АЖ де 20 млн. сўм, Шийше усақлап сатыў заводында ҳәм «Султанўайс» таў кән карьеринде 12 млн сўмды қурайды. Санаат кәрханаларында орын алып атырған кемшиликлердиң баслы себеплериниң бири, өндиристе жаңа технология менен үскенелеў, реконструкциялаў мәселелелери менен шуғыланбағанлығының себебинен екенлиги мәлим [8].

2001-жылда Қарақалпақстанның улыўма өними 40520,6 млн сўмды пайда еткен болса, соннан Нөкис қаласы 10824,4 млн. сўм санаат өнимин ислеп шығарды. Нөкис қаласында 3169 ға жақын юридикалық шахс – кәрханалар дизимге алынған. 2003-жылы «Уздунробита», «Платтас», «Марказий Осиё реңли таслар компаниясы», «Осиё-вит», «Лотус», «Судочье», «Карт», «Кокут интернационал», «Шарқ-текс», «Арал артемия компани», «Нукус морэй сервис», «Росэнерго» сыяқлы қоспа кәрханалар искерлик көрсетти. Нөкис бойынша барлық финансластырылған дереклер бойынша сарпланған капитал бюджетлер 5995 млн. сўмды пайда еткен болса, соннан шет ел инвестициясы 2071,4 млн. сўм болды.

Ғәрезсизлик дәўиринде жеке турақ жай қурылысы жылына 23,7 мың кв.м.ди пайда етти. Нөкис қаласы халқының турақжай менен тәмийинлениўи халықтың жан басына 1,4 кв.м. ден ибарат, ол республикада унамсыз көрсеткиш емес еди. 2002-2003-жылларында қала қурылысы комплексинде 44 қурылыс монтажлаў кәрхана ҳәм шөлкемлер хызмет көрсетти.

Егер республикада пуллық хызмет көрсетиў жан басына 6114,9 сўмды пайда еткен болса, оның ең жоқарғы дәрежеси Нөкис қаласына туўра келеди, яғный жан басына 16925,7 сўм. Халыққа хызмет көрсетиў республикада жан басына 474,4 сўм болған, тийкарынан бул Нөкисте 1443,5 сўмға жетти [9]. 1997-

жылы «Педрини» (Италия) фирмасы менен биргеликте мрамор плиталар ислеп шығаратуғын завод иске түсирилди, завод жылына 60 мың кв.м. плита ислеп шығарыў дәрежесине ийе болды.

Қаланың шығыс тәрепинде Болгариядан келтирилген үскенелер менен тәмийинленген өсимлик майы ислеп шығаратуғын киши завод иске түсти, оның бир жыллық өними 120 мың литр. Буннан тысқары Жәҳән банки бюджети есабынан «Қызкеткен» посёлкасы халқын сыпатлы ишимлик суўы менен тәмийинлейтуғын имарат иске түсирилди.

Ислеп шығарыўда шет ел капиталының үлеси бир қанша раўажланды. 2005-жылда дизимге алынған 48 қоспа кәрханалардан 17 си Нөкис қаласында хызмет көрсетеди. Кәрханалардың ис хызмети 2005-жылғы мағлыўматлар бойынша, усы жылдың 9 айы даўамында 6,4 млр.сўмлық халық пайдаланатуғын күнделикли товарлар ислеп шығарды. Олар экспортқа материаллар ислеп шығарыўға мөлшерленген (4,4 млн. АҚШ доллары) болса усы дәўир даўамында импорт бойынша, тек 1,3 млн. АҚШ доллары есабынан (олар тийкарынан технология) товар алып киргизилген [10].

Нөкис қаласында экономикада бир қанша дәрежеде раўажланыўлар менен бир қатарда машқалалар да бар еди. Тийкарынан, базар экономикасы принциплери жеке мүлк пенен мәмлекетлик мүлк ортасындағы байланыслар жәрия қылынбаған. Мысылы, 2005-жылда 10 кәрхана 1229 млн. сўм инвестиция киргизиў шәрти менен инвесторларға берилди. Буларға 13 ҳәм 19-санлы автокәрханалар, «Нөкис сүт» АЖ киреди, «Ыссылық орайы» АЖ, «Сельхозхимия», Орайлық автотранспорт, «Полиграфтәмийнат», ОДСП-1 промбазасы сыяқлы кәрханалар акциялары сатыўға қойылды.

Қала инфраструктурасын раўажландырыў ушын хызмет ететуғын кәрханалар саны 10 ға жетти. Соннан 2 акционерлик жәмийет, 8 и социаллық–ижара кәрханалар. Буннан тысқары арнаўлы қурылыс кәрханасы бар. 2006-жылдың ақырына барып Нөкис қаласында ҳәр бир адамға 13,9 кв.м. турар жай майданына туўра келеди. Сол жылда 63,3 мың кв.м. турақ жай пайдаланыўға берилди.

Нөкис қаласының социал-экономикалық мәдений раўажланыў дәрежесин төмендегише жуўмақлап көрсетиўге болады.

1991-2005-жыллары Нөкис қаласы ғәрезсиз Өзбекстанның бир бөлеги сыпатында үлкен өзгерислерди басынан кеширди. Экономикалық, мәдений ҳәм социаллық тараўларда әмелге асырылған реформалар қаланың заманагөй ҳәм турақлы раўажланыўына тийкар жаратты. Нөкис қаласы тек ғана Қарақалпақстан Республикасының ҳәкимшилик орайы емес, ал пүткил мәмлекет ушын әҳмийетли мәдений ҳәм экономикалық орайға айланды.

**Әдебиятлар**

1. Выступление Президента Ислама Каримова на торжественной церемонии посвященной 70 летию города Нукуса. / «Вести Каракалпакстана», – Нукус,13.0.92003.

2. ЦГА.Ф.322.ОП.1.Д.8,66.Л.1.

3. Ата-Мирзаев О., Гентишке В., Муртазаева Р., Салиев А. Историко-демографические очерки урбанизации Узбекистана. – Ташкент: «Университет», 2002. 56-б.

4. Қарақалпакстанның жаңа тарийхы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2003. 326-б.

5. / «Нөкис ҳақыйқаты», 1994, 8-сентябрь.

6. XXI шақырық халық депутатлары Нөкис қалалық кеңесиниң сессиясы. / «Нөкис ҳақыйқаты», 1994. 2- ноябрь.

7. Текущий архив хакимията г.Нукус за 1998 г. XIV сессия 1 Созыва Нукусского городского Совета народных депутатов.

8. / «Нөкис ҳақыйқаты», 2000-жыл, 4-апрель.

9. Справка об итогах социально-экономического развития и ходе экономических реформ в Республике Каракалпакстан за первое полугодие 2003 года. -Нукус, 2003. -С. 7.

10. Пайтахт санааты. / «Нөкис ҳақыйқаты», 2005-жыл, 17-ноябрь.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада Қорақалпоғистон Республикаси пойтахтининг мустақиллик йилларидаги ривожланишнинг тарихий-ҳуқиқий асослари таҳлил қилинган, ижтимоий ҳаёти асосларнинг шаклланиш босқичлари, иқтисодий ва ижтимоий-маданий ривожланиш йўллари ёритилган. Қорақалпоғистоннинг шаҳар қурилиш соҳаси бўйича тарихи янги саҳифалар билан тўлдирилди ва янги фактологик материаллар илмий муомалага киритилди.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируются историко-правовые основы развития столицы Республики Каракалпакстан в годы независимости, описываются этапы формирования основ общественной жизни, пути экономического и социально-культурного развития. История Каракалпакстана в области градостроительства пополнилась новыми страницами, в научный оборот введены новые фактические материалы.

**SUMMARY.** This articled is analyzed of historical-legal foundations in the development of the capital of Karakapakstan Republic. In the years of independence is founded the social life, covered the steps of formation. He basis of city life, economic and social - cultural development and we also filled up they history of Karakalpakstan in the sphere of city building and lead up in scientific operation of new factual materials.